

SL – Extension

Alternatives Analysis



Ànaliz sou Altènativ Ekstansyon Silver Line Reyinyon Piblik Vityèl

DAT :

**Madi 28 septanm
2021, 6:00 diswa**

KI KOTE :

**Reyinyon Piblik
Vityèl (Zoom)**

SÈVI AVÈK LYEN SA A POU ENSKRI
DAVANS :

Zoom Meeting

PÒTAY ENTÈNÈT PWOJÈ A :

MBTA.com/SLX

Ede nou chwazi kisa Silver Line la pral ye !

Ànaliz sou Altènativ Ekstansyon Silver Line la (SLX, ki vle di “Silver Line Extension”), se yon etid pou gade posiblite, avantaj, ak depans ki nesèsè pou pwolonje sèvis Silver Line a pou li rive nan Everett ak nan kominote ki toupre li yo.

Kisa ki objektif reyinyon sa a ?

Nan reyinyon sa a, MassDOT ak MBTA pral prezante kisa yo wè kounye a, ak fè konnen altènativ posib pou pwolonje sèvis Silver Line a, epi tande reyaksyon patisipan yo.

Kouman mwen kapab pote kontribisyon mwen ?

Pandan reyinyon an, ou pral gen plizyè opòtinite pou di kouman ou wè altènativ sou pwopozisyon an.

Tanpri, sèvi avèk lyen an pou enskri davans pou reyinyon sa a. Apre ou enskri, ou pral resevwa yon konfimasyon nan mesaj elektwonik k ap ba ou enfòmasyon sou jan pou ou vin patisipe nan reyinyon an. Gen yon anrejistreman reyinyon an ki pral afiche tou, pou moun ki pa te kapab vin patisipe yo. Ou mèt voye kesyon nan mesaj elektwonik tou, nan adrès **SLX@MBTA.com**

Pou plis enfòmasyon sou Ànaliz sou Altènativ SLX yo, ou mèt gade nan adrès **MBTA.com/SLX**



**Massachusetts Bay
Transportation Authority**

ARANJMAN

Lokal reyinyon an aksesib pou moun ki andikape ak moun ki pa fin pale angle byen. Pral genyen aranjman pou aksè ak pou sèvis tradiksyon pou moun ki mande, lè sa posib. Nan pami sèvis sa yo, genyen dokiman nan fòm altènativ, dokiman ki tradwi, soutit, ak entèprèt. Pou plis enfòmasyon, oswa pou mande fè aranjman rezonab pou ou, ak / oswa pou jwenn sèvis tradiksyon, voye yon mesaj elektwonik nan adrès **SLX@MBTA.com**, oswa rele nimewo (617) 651-1363 anvan dat 14 septanm lan pase.